Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 40 (7284)
29 сентябрь 2017 сон
Рузман
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Поздравление главы Унцукульского района с Днем воспитателя

Уважаемые педагоги, работники детских садов и ветераны дошкольного образования Унцукульского района!

Примите искренние и сердечные поздравления с профессиональным праздником – Днем воспитателя и всех дошкольных работников!

День дошкольного работника учрежден 27 сентября 2004 года по инициативе ряда общероссийских педагогических изданий. Идея этого праздника - помочь обществу обратить больше внимания на детский сад и на дошкольное детство в целом.

Будущее нашей страны, сила и слава Унцукульского района и Республики Дагестан в значительной степени зависят от того, каким будет новое поколение.

Сегодня дошкольное образование района – это 13 детских садов в которых воспитывается 1508 детей в возрасте от полутора до семи лет. Свой профессиональный праздник в районе отмечают 158 дошкольных работника.

Приятно отметить, что работники дошкольных учреждений района создают хорошие условия для всестороннего воспитания и развития детей, активно используют современные образовательные технологии и программы, участвуют в разных мероприятиях проводимых в районе.

У нас делается многое для развития дошкольного образования: укрепляется материально-техническая база детских садов, производится их ремонт, в них создаются условия для безопасного и комфортного пребывания детей.1 сентября 2016 года, для более чем 50 детишек из Временного поселка с. Гимры свои двери открыл новый детский садик со сказочным названием «Колобок».

Дорогие работники детских садов! Выражаем вам искреннюю признательность за профессиональное мастерство, безграничную любовь к своему делу, постоянную заботу о благополучии детей.

От всей души желаем всем вам крепкого здоровья, счастья, неиссякаемой энергии и оптимизма во всех делах и начинаниях. Пусть работа всегда приносит вам радость и творческое вдохновение, а наградой за ваш благородный труд станут успехи, любовь и благодарность ваших воспитанников!

**Глава МО «Унцукульский район»**
**Иса Магомедович Нурмагомедов.**

## Врачазул къогун!

Щибаб санайилго октябрь моцIалъул тIоцебесеб итни къоялъ гIемерисел улкабазда кIодо гьабула ТIолгодунялалъул врачасул Къо. Гьеб къо рикIкIуна врачазул хIаракатаб хIалтIул пикруялъул рахъ кколеб къолъун. ГIадамазул сахлъи цIуни бугелъулха киналго врачазул тIадаб налъи.

Гьеб праздник гIуцIиялъул хIаракатчагIилъун цере рахъана ТIолгодунялалъул сахлъи цIуниялъул ва халкъазда гьоркьосеб «Врачи без границ»,-абураб медицинаялъул гуманитариял организациял.

Врачасул махщел дунялалдаго ккола некIсияблъун. Инсаният бижаралдаса гьез кидаго къимат гьабула чиясул сахлъиялъул ва гьеб цIунун хъаравуллъиялда чIола.

Халкъазда гьоркьосеб врачасул къо киналго врачазе ва тIолалго гIадамазе ккола цадахъаб праздник. Нилъер районалъул врачазги хIаракатаб хIалтIи гьабулеб буго районалъул гIадамазул сахлъи цIуниялъе. Кидаго нилъер сахлъиялъул хъаравуллъуда руго гьел хъахIал халгIатал ретIарал, махщел камилал ва щивасе хIажалъулел гIадамал.

Жакъа ракI-ракIалъ баркизе бокьун буго районалъул администрациялъул, райсобраниялъул ва тIолабго коллективалъул рахъалдасан гьеб профессионалияб праздник районалъул тIолалго врачазда. ТалихI-рохел, хIалтIулъ битIккей, цIияб лъазабизе бажари, нужее, бищунго инсанасе хIажатал гIадамал!

**ГI. НУРМУХIАМАДОВ.**
**«Унсоколо район» МОялъул бетIер.**

Кавказалъул рагъал

## Калугаялдаса гьалбал - «АхIулгохIда»





23 сентябралда Кавказалъул рагъазул тарихиял бакIазде щвеялъул мурадалда «АхIулгохIда» гьабураб мемориалияб комплексалде щвана Калуга шагьаралъул самоуправлениялъул бетIер Александр Иванов. Гьесда цадахъ рукIана гьесул зам., шагьарал раялъул, архитектураялъул ва ракьазул ишазул рахъалъ нач. Ю. Ковтун, Людиновский рай ва горбольницаялъул бетIерав врач Н. ГIумарасхIабов, Калуга областалъул Людиновский районалъул Людиново шагьаралъул муниципалитеталъул администрациялъул бетIер Д. Аганичев, МахIачхъала шагьаралъул Калуга шагьаралда вугев полномочнияв вакил ГI. Хархачаев, МахIачхъалаялъул шагьарал раялъул ва архитектураялъул управлениялъул нач. М-Р. ГьитIинов ва цогидалги.

ТIадегIанал гьалбадерида дандчIвай гьабуна районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас, зам. М. ХIасановалъ, бетIерасул кумекчIужу Р. ХIайбулаевалъ, Собраниялъул пред. К. Асадулаевас, райадминистрациялъул отделазул начальниказ, ГIашилтIа росдал бетIер ХI. МухIамадовас ва цогидазги.

Гьалбадерилгун букIараб дандчIваялъул кIалъаялда районалъул бетIерас гьадин абуна: -«Гьадинал гьалбадерида нилъер ракьалда дандчIвазе щвеялдаса нилъ рохарал руго. Калугаялъулгун цадахъ рекъон хIалтIи буго гьелъул гIаламатлъун, щайгурелъул Калугаги Дагъистанги цоцада бухьараб буго умумазулаб тарихалдалъун, I0 гIан соналъ I859-I868 соназ имам Шамиль гIумро гьабун вукIана гьенив. Жакъа Калуга областалъул край лъазабиялъул музеялда гьез абула «Шамилил рукъин», гьенибго буго имам Шамилил мемориалияб рукъ. Ниж чIухIарал руго ва нужее баркала загьир гьабула гьединаб къиматаб балагьи нижер тарихалдехун гьабулеб букIиналъ»,-ян абуна гьес ахиралда жиндирго кIалъаялда.

Комплексалъухъ балагьулаго гьел щвана Ф. Рубол панорамаялъул репродукциялъул «В долине Ахульго» лъабил бутIа бихьизе рес бугеб выстовочнияб залалде ва гьединго I7 метр халалъи бугеб сигнальнияб башнялде. Гьезие экскурсия гьабулаго С-М. ГIалиевас, бицана комплекс баялъул, гьеб баялъул идея кьунин Дагъистаналъул БетIер Р. ГIабдулатIиповас. Бихьизабуна гьелъухъ районалъул гIадамаз гьесие баркала загьир гьабулеб бугиланги.

Сапаралъул ахиралда ГI. НурмухIамадовас гьалбадерие кьуна ракIалде щвеялъул сайгъатал. Жидерго иргаялда гьалбадерица баркала загьир гьабуна сайгъатазухъ ва роха-хинлъараб къабул гьариялъухъ.

В рамках мероприятия представители проектного комитета обсудили содержание, перечень проектов и мероприятий программы, целью которой является создание необходимых условий для развития цифровой экономики в Дагестане, использование информационных технологий для улучшения качества жизни населения и условий ведения предпринимательской деятельности и другие.



# ЦIа ккеялдаса цIунизин

Араб анкьалда райадминистрациялъул конференц-залалда тIобитIана чрезвычайнияб хIалалъул ва цIадул хIинкъиялдаса цIуниялъул суал гьоркьоб лъураб данделъи. Гьеб бачана районалъул ЧС ва ПБ комиссиялъул пред. М. ХIамзатовас. Заседаниялда гIахьаллъана ГО, ЧСалъул отделалъзул нач. М. ГIабдулаев, «Служба жилищно-комунального хозяйства» МКУялъул нач. А. ГIабдулхаликъов, бакIал раялъул рахъалъ бетIерав специалист XI-М. ГIабдурахIманов, цогидалги отделазул начальникал, росабазул бутIрул, участковияв лесничий Ш. МухIамадов ва цогидалги.

Данделъиялда аслияб суаллъун букIана бакIазда бакъвараб хер-хъархъал рухIиялда хурхараб хасаб рекомендациялъулгун гIахьаллъаразул лъай-хъвай гьаби, рохьал цIа ккеялдаса цIуниялде щивасул пикро буссинаби.

Гьеб рагьулаго М. ХIамзатовас данделъаразулгун лъай-хъвай гьабуна 2015 соналъул 10 декабралда къватIибе



бачIараб Дагъистан республикаялъул № 336 бугеб постановлениялъулгун. Гьеб буссараб буго рохьазул гIагарлъуда бакъвараб хер, хъарахъ-къед бухIичIого теялде, районалъул участковияв лесничий Ш. МухIамадовас гьелда хурхарал тадбиразул инструктаж гьабуна данделъаразе ва кIалъалаго гьес бихьизабуна: «Дагъистаналда гьеб суалалда хурхун цIакъ захIматаб хIал буго. Киназго киса-кибего цIодорлъиялъул хIалтIаби гьаризе хIажат буго»,-абун.

# Баркула!



МахIачхъала шагьаралъ 160 сон тIубаялъул рамкаялда жаниб Родопский бульваралда бугеб шахматазул клубалда 24 сентябралда унеб букIана шахматал хIаялъул блиц-турнир. Гьениб гIахьаллъи гьабуна нилъер республикаялъул батIи-батIиял бокIназдаса 34 шахматистас. ХIалуцарал рукIана къецал. Турниралъул хIасилал гьарулаго тIад калам гьечIеб бергьенлъи босана, хIурматияб тIоцебесеб бакIги ккуна «Унсоколо район» МОялъул бетIерав бухгалтер АхIмад ГIумалаевас.

ХIурматияв АхIмад МухIамадович!

«Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул, гьелъул коллективалъул, районалъул депутатазул Собраниялъул рахъалдасан къабул гьабе гьайбатаб бергьенлъи Дуда баркулеб барки!

Биччанте гьеб бергьенлъи ахирисеблъун букIунгутIизе, биччанте дур жигаралъ, кIвахI гьечIеб захIматалъ жеги гIемерал призалъулал бакIазде Мун вачине ва мустахIикъал шапакъатал щвезе!

ТIалъиялда - хиса-баси

# РДялъул БетIер Р. XI. ГIабдулатIиповасул лъазаби



27 сентябралда РДялъул Халкъияб Собраниялъул сессиялда РДялъул БетIер Р. ГIабдулатIиповас лъазабуна жив хIалтIудаса гIодов чIолев вугилан. Жиндирго кIалъаялда гьес бихьизабуна: «Дие бокьун буго баркала загьир гьабизе Халкъияб Собраниялъул тIолалго депутатазе, Собраниялъул председателасе, тIолалго дагъистаниязе. Нилъеца гIемераб хIалтIи гьабуна 4 сонгин ичIго моцIалъ цебе букIаралдаса. Гьеб ккола гIемераб заман.

ХIалтIи теялъе ГIабдулатIиповасул аслияб гIилла буго гIумроялъул 71 сон бан букIин.

# Аслиял суалалгун



Культураялъул, росабазул бюджеталъул, цебе бугеб «Шамилиадаялъул» ва цогидалги суалазул бицана 27 сентябралда райадминистрациялда букIараб данделъиялда. Гьеб бачана бетIерасул зам. С. АрулмухIамадовас, гIахьаллъана киналго росабазул бутIрул.

Данделъи бачунаго С. АрулмухIамадовас бицана росабазул культураялъул сфераялъул хIалтIухьаби райадминистрациялъул полномочиялда рукIиналъул. ТIадчIей гьабуна гьабизе бугеб «Шамилиадаялда», гьелъул бицана гIолилазулгун хIалтIи гьабиялъул отделалъул нач. А. МухIастановасги. ЦIидасанги гьеб тадбир гIуцIадго тIобитIизе ккеялде кIвар буссинабуна С. АрулмухIамадовас.

# Росабалъе сапар

26 сентябралда ЦIатIанихъ, ИштIибури росабалъе хIалтIулаб сапаргун щвана бетIерасул зам. М. ХIасанова, кумекчIужу Р. ХIайбулаева, Собраниялъул пред. К. Асадулаев. Гьезул хIалтIул планалда букIана росабазул халкъияб лъай кьеялъул, культураялъул учреждениязде щвей, туризмалъул маршруталъул суалал дандрай ва гь. ц.

Гьел учреждениязда коррупциялда хурхарал гара-чIвариял гьаруна Р. ХIайбулаевалъ. Гьединго школазда балагьана гIадлунизамалъухъ, цIалдохъабазул рачIиналъухъ, цIалул иналъухъ, хасалиде хIадурлъиялъухъ.



Квачан букIинги хIисабалде босун хинлъи чIезабиялъул сезон 1 октябралда чIезабизе бокьун бугин бихьизабуна росабазул учреждениялорганизациязул вакилзабаз. Гьеб суалалъухъ балагьилин абуна М. ХIасановалъ, ай гьелъ тIадчIей гьабуна жакъа цере лъурал киналго суалал цоябниги кIвар кьечIого тезе гьечIин.

Сапаралда ралагьана гьалбадерил рукъзабазухъ ва смотровиял площадказухъ. Гьел гьарулел руго районалда туризм цебетIезабиялъул мурадалда.

# «Шамилиада» тIобитIиялда хурхун

Районалъул бетIерасул зам. С. АрулмухIамадовасул нухмалъиялда гьоркь данделъун букIана «Шамилиада» тIобитIиялъе бугеб оргкомитет. Гьенир гIахьаллъана культураялъул отделалъул нач. П. ГIабдулаев, гIолилазулгун хIалтIи гьабиялъул отделалъул нач. А. МухIастанов, информационнияб хъулухъалъул нач. М. ХIайбулаев, спорткомитеталъул пред. М. МухIамадов, Шамильхъалаялъул школалъул директор Гъ-М. ГъазимухIамадов, гьелъулго тIадеги лъай кьеялъул Централъул директор М-П. НурмухIамадов.

Данделъиялда аслияб суал букIана спорталъул миллияв видазул тIоцебесеб бакIалъе гIоло «Шамилиада» командниял къецал тIоритIи. Гьеб букIине буго 30 сентябралда ва 1 октябралда Шамильхъалаялъул школалда.

Данделъиялда С. АрулмухIамадовас бихьизабуна кIудияб кIвар бугин тадбир тIадегIанаб жавабчилъиялда тIобитIиялъул. «ХIажат буго имам Шамиль гьавун 220 сон тIубаялде буссараб гьеб первентсво гIуцIадго иналъул. Гьев вуго нилъер ракьцояв. Гьединлъидал гIуцIи буголъи ва хIадурлъи гьеб ишалда данде ккезе ккола. ГьабсагIаталда нилъеца кинабго къуват гьелде рехизеги ккола»,-ян бихьизабуна гьес.

Данделъиялда бицана гьеб тадбиралде гьабулеб бугеб хIадурлъиялъул, кIалъарав Шамильхъалаялъул тIадеги лъай кьеялъул Централъул нухмалъулев М. НурмухIамадовас бихьизабуна хIажат бугин тадбир тIобитIулаго 100 % гIуцIи буголъи букIинабизе, хIисабалде росизе кколин киналго ресал,-абун.

Данделъиялда иш тIаде кколезе тIадкъаялги кьуна.

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 40 (7184)*
*29 сентябрь 2017 сон*

3 гъумер

Врач – гъеб цIар буго цIакъго кIудияб
Макъу тарал сардал гIемерлъаниги,
Ракьалда вижарав щивав инсанас
ГIумро кьола духъе, ракI-ракIалъ божун.

Нужер махщел буго, бищун хIажатаб
ТIарамагъада хьул щивас гьабулеб,
Баркала, ссун унеб гIумроги цIунун,
ХъахIаб халгIат ретIун, аскIор чIаралъухъ!

# Махщел камилав тохтур



ГьикЪун къо бачIунаро. РачIуна рохаралги къваридалги къоял, гьедин гIуцIун буго нилъер гIумро. Аслияб жо буго къварилъи ккарабго кумекалъе ратулел врачал нилъер гьанир рукIин. Гьединал врачазда гьоркьоб тIоцебе цIар рехсезе мустахIикъав вуго Шамилькъала поселокалъул районазда гьоркьосеб гIемерахъазулаб больницаялъул хирург МухIамадов ГIабдурахIман ГIамирхIамзаевич.

Августалъул ахиралда, захIматго унтарав эменгун ниж ккана больницаялде. Ригь арав чи вугин течIого, унтиялъул захIмалъиялъухъ балагьичIого, гьес нижее гьабураб кумек киданиги кIочон теларо.

Нилъ чIухIизеги, рохизеги мустахIикъав, махщел камилав тохтур вуго ГIабдурахIман. Сахав чиясулъ насиблъун букIине кколебщинаб берцинаб гIамалги, яхI-намус буголъиги, гIадатлъиги, гIаданлъиги, ракI бацIцIалъиги, чIухIа-къули гьечIолъиги, хасго жиндирго иш лъикI лъайги, ай кинабго рахъалъ цогидазги мисал босизе мустахIикъав врач вуго гьев. Биччанте гьаб нилъер ракьго къалъизабулеб кIудияб бакъул чIоразул цояблъун, гIакъилал, чIахIиял хIарпаздалъун цIаралъул щибаб хIарп хъвазе мустахIикъав, районго чIухIарав магIарулавлъун мун вукIине.

Районалъул «Ахихъан» газета гьоркьоб ккун бокьун буго, дуе, ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе. Кьеги дуе ва дур гIага-божаразе талихI, икъбал, гьабулебщиналъулъ чIахIиял бергьенлъаби, гIемерал саназул сахаб гIумро!

Къураб рагIиялъе хилиплъуларев
Унтарасул унти гIахьал гьабулев,
ГIадамазда гьоркьоб къадру борхатав
КIудияб баркала, ГIабдурахIман, дуй.
РахIмат, хьул къотIидал рещтIунин абун
Абурал рагIаби ритIун ратана,
Рецц БетIергъанасе, гьаб заманалда
Мун гIадинав тохтур нижее къурав.
Кьеги, дуе талихI, таги мун вохун,
Рохалида аги гIумродул къоял,
ГIаданлъи бергьарав, махщел камилав
Кидаго хисичIев бараб гьаялъе.
Икъбалги талихIги гьарула, дуе
Гьудулзабазулъ мун гIемер хут1изе,
Сахлъиги рохелги даимлъаги, дуй
Халатккун таги мун дуниялалда!

Бокьун буго гьединго гIорхьи гьечIеб разилъи загьир гьабизе кинав унтарав вачIаниги хIеренго, гьимун гурони кIалъаларел физкабинеталъул медсестра Кусалаева Шамсиятие, лаборантка Якъубова ГIайшатие, неврологиялъул медсестра НурмухIамадова Муъминатие, медсестраби МухIамадова Аминатие, Гьарунова ХIалиматие.

Кидаго гьединал яхI-намус цIунараллъун хутIаги нуж! Сахлъи кьеги, нужее, гьабулеб иш данде билъине, мурадалде щвезе. Халатаб гIумро, рохел, рекIее парахалъи, икъбалги баракатги тIаса унгеги нужер къавулъа!

Ниж гIадин Аллагьги разилъаги нужедаса, унтаразе гьабураб лъикIаб хъулухъ кирилъун хъваги, гIумроялда, рикъзиялда баракат лъеги!

**МухIамад МухIамадгIалиевасул**
**хъизан-лъимал Унсоколо росу.**

# Аминат Магомедханова: «Я попала не просто в коллектив, а в дружную семью»

**Ежегодно, 27 сентября в России отмечается общенациональный праздник — День воспитателя и всех дошкольных работников.**

В преддверии этого праздника хочется с особой благодарностью вспомнить тех, кто на протяжении многих лет отдал свою ласку и заботу детям. Тех, кто ежедневно не зависимо от каких- то жизненных ситуаций и проблем остается верным своей профессии, дарит улыбку и частичку своего сердца и души каждый день малышам. Милые и дорогие наши воспитатели- это вы.

Бесспорно, слово воспитатель навевает самое приятное воспоминание о детстве. Забота, теплота и внимание, которые остаются в твоем сердце навсегда.

Аминат Магомедханова - воспитатель детского сада №9 «Сказка», одна из тех, кто является самым ярким примером, каким на самом деле должен быть воспитатель. Что же в ней такого необычного вы узнаете в нашем интервью с ней.

**- Расскажите пожалуйста Аминат о себе.**

-В 1993 году по воле судьбы я переехала в п.Шамилькала и устроилась на работу в детский садик №9 «Сказка». И действительно мне показалось, что я попала в сказку. Садик, где дружный коллектив. Можно сказать я попала в хорошие руки. Встретили меня очень дружелюбно. Меня окружили своим вниманием прекрасные воспитатели, некоторых к сожалению, нет сегодня с нами. Я попала в огромный коллектив, который отдавал сердце и душу детям, делая все ради детей.



Мне казалось, что я попала не просто в коллектив, а в дружную семью. И с тех пор, вот уже почти 25 лет, я неустанно продолжаю свой педагогический путь в этом садике.

В самом начале моей карьеры у меня был прекрасный наставник на работе - Иванченко Таисия Александровна ( заведующая с 1989 до 2000г.г.). Можно сказать тому, что я умею я научилась у нее.

**-Почему решили стать воспитателем?**

-Всегда любила маленьких детей, с малышами так приятно работать.

**-Что значит для вас быть воспитателем?**

-Работа с детьми –это моя жизнь. Без детей и без этой работы я уже себя не представляю.

**-Какие они дети и их родители?**

-В нашей профессии всякое бывает и огромная работа проводиться непосредственно с родителями. Огромное внимание мы уделяем этому процессу, потому –что найти общий язык с ними – неотъемлемая часть нашей профессии. Педагогическая работа идет хорошо тогда, когда сплоченно идет работа с родителями. Работа с родителями ведется сообща.

**-С какими трудностями сталкиваетесь по работе с трудными детьми? Как находите с ними общий язык?**

-На данный момент я работаю в ясельной группе. Огромное внимание приходится уделять адаптационному периоду у детей. Это очень трудный период. Потому что детей отрывая от мамы, ведут в садик. Конечно для детей это огромный шок. Чтобы дети привыкли нам надо провести огромную плодотворную работу. Важно чтобы дети себя чувствовали как у себя дома и для этого нам приходиться приложить много усилий. Детсад - это огромный мир для детей, и чтобы ребенок привык надо столько всего сделать. Всю работу которую мы делаем, мы превращаем в игру. В процессе игры ребенок открывается, раскрывается, всему учиться. В итоге ребенок не только привыкает, но и считает детский сад своим вторым домом и порой не хочет уходить домой.

**-Самое главное в вашей профессии?**

-Самое главное любить детей. Если нет любви к детям, то и работать невозможно. В первую очередь надо их любить. Знать детскую психологию тоже крайне важно, так как необходимо индивидуально подходить к каждому ребенку.

**-Вы бы хотели чтобы ваши дети пошли по вашим стопам?**

-Очень хочу. Моя дочь в этом году заканчивает школу и собирается поступить на педагогический. Я тоже в свое время пошла по стопам своего отца. Он и был мой самый первый наставник. Отец был прекрасный педагог. Учитель русского языка и литературы, «Заслуженный учитель Дагестана». Для меня он идеал и всегда им был. Он за свою жизнь столько вложил в детей. Его ученики – неоднократные призеры республиканских олимпиад. Он много чему меня научил.

**- Ваши пожелания родителям и своим коллегам.**

-В первую очередь всем терпения, терпения и еще раз терпения. Это самая важная часть воспитания. И конечно же- любовь. Это две самые важные составляющие.

-Спасибо Аминат Вам за такую приятную беседу и спасибо вам от всех родителей за такую бесконечную любовь к детям и к своей профессии. Уверена, что воспитанники детского сада навсегда сохранят в памяти ваше трепетное и внимательное отношение к ним.

Беседуя с Аминат сразу становится понятно почему дети так любят ее. Невозможно передать словами нежность ее голоса. В каждом слове отражается бесконечная любовь к детям. Даже о самой работе она говорит словно о своем ребенке.

Слушая Аминат, как она рассказывает о своей профессии и своих воспитанниках, словно попадаешь в тот удивительный мир детей, где нет ни подлости, ни злости. Голос ее как флейта, играющая тихую восточную мелодию. И понимаешь, что выбрав эту профессию она не только нашла себя в ней, но и это как подарок судьбы для тех родителей, чьи дети попали в надежные руки Аминат.

Скромная как и все истинные горянки, она не все рассказала о себе. Но ее коллеги поведали нам о ней много интересного. Как, например то, что она практически для всех новеньких является наставником. Обладая весьма высокими профессиональными качествами и являясь невероятно грамотным человеком в ней нет ни капли гордости и высокомерия. Она всех новеньких берет «под свое крыло», под свою опеку и делиться своим многолетним богатым опытом.

Отрадно, когда представители этой благородной профессии с такой любовью и ответственностью относятся к своей работе. За будущее такой профессии как воспитатель можно не беспокоиться. Остается лишь безгранично благодарить за их труд и педагогическое мастерство.

От всех детей и их родителей выражаем вам дорогие наши воспитатели огромную благодарность за ваше трепетное отношение к детям и к своей профессии.

Данделъаби

# Лъим чIезабиялъул мурадалда



25 сентябралда муниципалитеталъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул тIадкъаялда рекъон тIобитIана Унсоколо, Рихьуни росабазул ва Шамильхъала поселокалъул бутIрулги ахIараб данделъи. Гьениб гьоркьоб лъун букIана росабалъ лъим букIинаби битIун гIуцIиялъул суал. Данделъи ана собраниялъул пред. К. Асадулаевасул нухмалъиялда гьоркь.

Гьединго данделъиялда гIахьаллъана бетIерасул кумекчи М. ХIажиев, аппарат управлениялъул нухмалъулей П. ГIалиева, архитектураялъул ва бакIал раялъул специалист ХI-М. ГIабдурахIманов.

Гьеб рагьулаго К. Асадулаевас бихьизабуна кIиябго росулъ ва поселокалда лъим чIезабиялъул суалалъул захIмалъаби ругин, гьел лъугIизариялде кIвар кьезе кколин. Гьенив кIалъазе вахъарав М. ХIажиевас бихьизабуна: «Лъел захIмалъаби рукIиналъе гIилла батизе бегьулин цо-цояз лъим аслиял водопроводаздасан цоги рахъалде бачин. Гьединго буго цIикIкIараб къадаралда лъим къватIибе чвахун иналъул хIужаби, гьелъ гIолеб гьечIо лъимги. Гьединлъидал лъел гьединаб хIал лъугьиналъе ругел гIиллаби лъазаризе ва ахIвал-хIал рукIалиде ккезабизе ккола»,-абун.

Жиндирго кIалъаялда Унсоколо росдал бетIер ХI. ГIабдулаевас бихьизабуна гьеб суалалъулъ компромисс батизе кколин. «ЛъачIого лъиениги лъим къатIизабизе бегьуларо, ахIизе ккола щибаб росдал вакилзаби, гIенеккизе ккола гьезухъ. Гьезул суалалги лъазаризе ккола»,-ян.

Данделъиялда хIукмо гьабуна тIадеги лъел мухъ гьабизе, гьелъие ва гьабулеб хIалтIуе хIажалъулеб материалалъул, гьединго гIарцул хIисаб-суал гьабизе.

## Внимание, конкурс!

Муниципальное бюджетное учреждение « Единая информационная служба» МО «Унцукульский район» объявляет конкурс на замещение вакантной должности журналиста-корреспондента .

К участию в конкурсе приглашаются все желающие. Наличие высшего образования обязательно. Конкурсантам необходимо обладать такими качествами как грамотность, шустрость и ответственность.

Сроки проведения конкурса: с 27 сентября по 14 октября 2017 года.

Прием документов и собеседование будет проводиться в здании районной администрации, 3 этаж, Единая информационная служба.

Иметь при себе следующие документы : Паспорт, автобиография, документ о высшем образовании, трудовая книжка.

По всем вопросам обращаться по телефону :
8 964 011 32 98- Мадина Султанова.

### ОБЪЯВЛЕНИЕ

Утерянная лицензия МК ДОУ № 05 «Соколёнок» с. Майданское Унцукульского района РД, серия 05 Л 01, № 002455, регистрационный № 8097, выданного от 18. 05. 2015 г. с сегодняшнего дня считать недействительным

Спорт

# Нилъер боксёрал бергьана

Дагьал церегIан къоязда СССРалъул халкъияв учитель Б. И. ХIажиев ракIалде щвеялъе Буйнакск шагьаралда тIобитIана 2002-2003 соназда гьарурал гIолилазда гьоркьор боксалъул къецал. Гьелъул мурад букIана спорталъул вид хIисабалда бокс цебетIезаби, республикаялъул боксалъул командаялде гьорлъе къуватал спортсменал роси, спортсменазул цоцаздехун гьудуллъи щула гьаби.

Гьел къецазда гIахьаллъана нилъер районалъул спортивияб школалъул командаги ва рихьизаруна гIемерго лъикIал хIасилал. Гьениб 63 кг. цIайиялда тIоцебесеб бакI ккуна Унсоколоса Лабазанов Жамалица ва гьединабго цIайиялда лъабабилеб бакI ккуна ХIажимухIамадов АхIмадица. Гьел гIолилал росана РДялъул лъикIал боксеразул командаялде ва гIахьаллъизе руго Дагъистаналъул первенствоялъе гIоло къецазда.

Хун хадуб букIунеб гIумро

# Доба беццасдаги канлъи «бихьула»

<u>Гьанжеялдаса чанго соналъ цебе 20 азарго гIумроялдаги хвалдаги гьоркьор рукIарал гIадамазулгун гара-чIвариги гьабун, медицинаялъул доктор Элизабет Кюблер-Россалъ чIезабуна щивав чияс доб дунялалде унаго нахъе толеб нух ва гьесул кIиабилеб гIумро.</u>



Бокьани чIван вукIа, бокьани инфаркт ккун ялъуни хроническиял унтабаздалъун букIа, сундаса кканиги батIалъи гьечIо, хун хадуб рухI эркенлъула. Чиясул къаркъалаялдаса къватIиб гьеб бачIуна психическияб энергиялда. Гьелда бихьула кинабго сверухъ лъугьунебщинаб. Амма гьелъухъ балагьула дунялалъул канлъиялъ гуреб, цIияб восприятиялъул кумекалдалъун. Гьеб балагьиялда щивасул букIуна астралияб черх, физическияб черхалда цIакъ релъараб, амма гьеб букIуна щвалде щвараб. ГIадан цIидасан лъугьуна тIубараб къиматалъулавлъун (полноценный). Беццазда бихьула, гIикъазда рагIула, кIалъаларел кIалъала, шуризе кIоларел рилъанхъула, онкологическиял унтабаз рас хIуларал, цIидасан гьеб бугеллъун лъугьуна. Гьедин букIуна кинабго...

Клиническияб хвалда рукIун тIад руссараз нугIлъи гьабухъе цоniги чи холаро живго жиндаго чIун. Гьесда данде чIвала гьаб гIумроялдаса церего арал. Гьединго щивасда дандчIвала «кьижуларел гьудулзаби». Щал гьел кколел? ГIадамал божула нилъ рижаралдаса хвезегIан нилъеда цадахъ рукIунин малаикзаби-хIурулгIинзаби (ангели-хранители),-абун. ГIажаиблъи гьабизе ккараб жо, ай нилъеца чIахIияз рикIкIуна малаикзаби хIакъикъатадаги кваркьаби ругел рукIунилан, амма гIисинал клиническияб хвалдаса тIад руссараз гьезда кваркьаби рихьичIин бихьизабуна.

Бихьулеб букIахъе доб дунялалда дандчIвалел руго нилъее рокьулелгун, нилъерго хваралгун, гьеб мехалъ бичIчIулеб буго хвел - цIияб гIумроялде лъугьун рукIин. Гьенире лъугьине бегьула тоннелалъусан, перевалалдасан гIадин, гIурулъан рахун, авлахъалдасан, гIорхъодасан ун, ай тезе кколеб гIорхъи тезе кколеб буго.

Хварас тоннель бахарабго гьесда гьелъул ахада канлъи бихьулеб буго. Гьеб букIуна хъахIалдаса хъахIаб нур. Гьелда гIагарлъулаго гIадан жаниве цIалев вуго жиндаго бичIчIизе кIолареб хIикматаб асаралъул рокьуца. Гьеб бихьаралщиназ гьеб рокьи рагIабаздалъун бицине кIоларин нугIлъи гьабуна. Гьеб кунчIиялъулъ бугеб хIикмат кинго бицине бажаруларо. Гьеб дунялалда ТIадегIанисевгун цадахъ ралагьизе руго жиндирго гIумроялъул тIоцебесеб къоялдаса нахъе гьеб лъугIизегIан. Гьеб «ревизиялда» ТIадегIанасдехун кигIан дагьабниги дандечIей букIине бегьуларо. Гьес ихтияр кьуна нилъее бокьараб тIаса бищизе. Нилъецаго тIаде босула кинабго жавабчилъи ва жаваб кьола кинав жив гIумроялъулъ вукIаравали, жиндиего тушманлъунищ гьудуллъунищ вукIаравали, кинан кьураб ресалдаса пайда босарабали.

...ГIумроялде г1айиб рехизе, жавабалдаса рорчIизе, жиндирго «чорхолъа» цIвабзазде роржине лъугьин, гьеб букIуна кинго бажарулареб ишлъун. Дуца дурго бетIералде босула кинго тIубазабизе бажаруларебщинаб. Гьеб доба гурони лъаларо. Гьа, гIумро гьабулевищ вугев! Щвела заман, гIедегIуге, дуда хадурги рачIина...!

**Гьаб макъалаялдаса хадуб цоцояздаса хвалил захIмалъаби тIаса ине бегьула, хваликьа хIинкъуларев гIумроялъукьаги хIинкъуларелъул. Гьединлъидал чIахъаги гIумро!**

**«Интернеталдаса» босараб**


**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ:**
**Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**

**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**п. Шамилькала**
**ул. М. Дахадаева 3**
**Телефон редактора**
**89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**398940**

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 9 .28. 17г. 15.20
фактически -16. 50мин.
.......................................

Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.